ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM 23 июль 2026 год № 14 (606)



ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ

...я считаю что эта газета должна быть
4.05.2004.
*А.-Х. Кадыров*

# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

## ОХА КЪОБАЛДО КАДЫРОВ РАМЗАН МЕХК-ДЕН ДАРЖЕ ХЬАЛХАТАТТАР

**ДАИМА Т1ЕМАН Ц1ЕРГАХЬ ДАХЧАДЕЛЛА, Ц1АРЦА ДАХЧОШ ДОЛУ БОЛАТ САННА, СХЬАДЕАНА КЪАМ ДАРА ВАЙ. ШАЙХ-МАНСУРЕРА ДУЬЙНА СХЬА, ТАЙМИН-БИБОЛАТЕРА ДУЬЙНА СХЬА, БЕНОЙ БОЙСГ1АРЕРА ДУЬЙНА СХЬА, ЗАНДКЪОЙН 1АЬБИГ-ХЬАЬЖЕРА ДУЬЙНА СХЬА, МАССО ИМАМЕРА ДУЬЙНА СХЬА ВАЙН КЪОМО ДАИМА ЛЕХНАРГ ПАРГ1АТО ЙАРА.**



***БисмиллахIи Ррахьмани Ррахьим***

Тахана, селхана хиллачу къамелех, къанойн кхеташо гулйелла (совет старейшин) олу-кха цунах. Адамаш гулделлачу меттехь, дегIо аьлларг деш ца хилла, вахар ца нисделлера са. Бакъду, цигахь дан лерина долу къамел со тIекхиъна хиллехь, бармахь вахьийтина а, ладогIаза Iийр вацара со, вахаза Iийра вацара со. Делахь а, декъа ваха лаьа суна селхана хилла долчу къамелан хьокъехь ойла йарца, цигахь йуккъе диллина хилла, вайн тахана волуш волу Мехк-Да Ахьмад-Хьаьжин кIант Рамзан-Хьаьжа хIинца хир болчу харжамашкахь вайн Мехк-Да, йуха а харжар хьалхататтар хьахделла цунах воккхавина со. Муха вуьйр вацара цунах воккха, вайн Нохчийн Республикехь долу хьал массо а тIегIан тIехь гар долуш ву со, хIунда аьлча, со виллина халкъана йуккъехь ву, со виллина халкъаца ву, дукха хьолахь халкъан хьалха ву.

Даима тIеман цIергахь дахчаделла, цIарца дахчош долу болат санна, схьадеана къам дара вай. Шайх-Мансурера дуьйна схьа, Таймин-Биболатера дуьйна схьа, Беной БойсгIарера дуьйна схьа, Зандкъойн Iаьбиг-Хьаьжера дуьйна схьа, массо имамера дуьйна схьа вайн къомо даима лехнарг паргIато йара. Къахьега лууш къам дара вайн къам, къахьоьгуш даха лууш дара вайн къам. Тахана Делан Шен къинхетамца, бусулба нехан доIица, тахана вайн коьртехь, вайн Iедалан коьртехь хилла волчу вайн Ахьмад-Хьаьжин (Дала гIазот къобал дойла Ахьмад-Хьаьжин), кIант шен ден лаам, шен ден весет, цуьнан лехамаш берриге кхочушбарна тIехь тахана дуьне цецдоккхуш вайн мохк цIинбина. (ХьафазахIуллахIу ва раIахIу) Дала Iалаш войла иза, Дала терго йойла цуьнан, кхидIа а Дала гIо дойла цунна.

Оцу оьрсийн дуккха къам ду, вай оьрсашна йуккъехь дехаш ду, царна санна церан мотт хаьа вайна, церан цхьа кица ду: «От счастья, счастье не ищут» олуш. Ирсана тIера кхин ирс ца лоьху. Тахана вай ирсе ду. Тахана вайна ниIмат делла вайн Дала, вайна цуьнан хама ба хиъчахьана. Дала цуьнан хамабар лойла вайна. Тахана долчу хьолехь хIораннан а дагтIерниг дуьйций хаьа суна ас айса, Дала ма боуьйтийла вайн мур, гIора эшна, йа болх кIордина, йа цамгар меттах йаьлла. Рамзан-Хьаьжегара и дарж дIа ма долийла бохуш доIа деш ву тахана вайн Нохчийн махкахь мел волу жима, воккха. Альхьамду лиллахI, доккха ниIмат ду тахана вайга кхаьчнарг. Вайн дайша цIийца, хьацарца къахьоьгуш, шайн синош, шайн догIмаш ца кхоош, тIамца лехнарг тахана Дала Ахьмад-Хьаьжин нийат цIена хиларна, цо дина весет кхочушдан цуьнан кIант кхиарна, вайн къам Рамзан-Хьаьжех, Ахьмад-Хьаьжех теша а тешна, царна муьтIахь хиларна хилла вайн кхиамаш.

Ас хIинца верасалла деш долу «Исламан зIаьнарш» газет 1990-чу шарахь дуьйна схьа газет хилла дIахIоьттина ду. Зорбанехь арадолуш, дерриге халкъо деша а доьшуш, иштта схьадогIуш долчу оцу газета тIехь массо заманчохь вайн хуьлуш болу хийцамаш, кхиамаш, вайн лехамаш, берриге а оцу тIехь бийца а буьйцуш схьадогIуш газет дар и, цундела ас верасалла деш ду иза, сайца болх беш оцу газетехь болуш болчу белхахойн хIораннан цIарах, массеран цIарах, оха баккъал, цIеначу даггара къобал деш тIеоьцу Рамзан-Хьаьжин хIинца хир болчу харжамашкахь, вайн Мехк-Да харжар. Иштта, вайн махке кхайкхам бу-кха тхан, тхайн белхахой цIарах, тахана вайга кхаьчна долуш долу ниIмат оцу Рамзанан цIена долчу нийатца а, Ахьмад-Хьаьжас вайна охьа биллина, гайтина болчу, шен са дIа а луш къахьегна болчу некъаца кхаьчна долу ниIмат ду вайга тахана кхаьчнаг. Къинхетаме волчу Дала оцу ниIматан хамабар лойла вайна, цуьнан шукур динчех дойла вай. Дела вайга бохуш Iаш ву: «БисмиллахIи Ррахьмани Ррахьим ва иншакартум Iала ниIмати лаазиданнакум», садокъоллохIул Iазим. Ша шуна делла долчу ниIматашкахь, шу цуьнан хамабеш хилахь, даххане а шу совдахаз Iийр вац Ша оцу ниIматашкахь» - боху Дала. Цундела бу сан кхайкхам. Оцу Дала вайна делла долчу ниIматан хамабар лойла вайн бохуш, Делан даша тIе доьгIна ду сан иза. Дала мукъ лахь, Рамзан-Хьаьжин куьйгаллица вай къам кхин а ирсе, кхин а паргIатоне, кхиамашкахь дехар ду. Дуьне цецдаьккхина болу вайн кхиамаш кхин а совбохуш дахар лойла вайна.

Дала тIаьхье беркате йойла вайн!

Вассаламу Iалайкум ва рахьматуллахI ва баракатухIу.

*Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжа*

*Источник фото – «Чечня сегодня»*

**ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ**

### 2-гIа агIо

**11 ИЮЛЯ ИСПОЛНИЛОСЬ 214 ЛЕТ СО ДНЯ ПОЯВЛЕНИЯ НА СВЕТ ШЕЙХА КУНТА-ХАДЖИ КИШИЕВА**

«Шейх аль-Иласхани (да будет возвышена его святость) является одним из тех духовных наставников, посредством которых Всевышний укрепляет веру, оживляет сердца и сохраняет свет Ислама среди людей. Он вырос в семье богобоязненных и глубоко верующих родителей. С ранних лет в его сердце укреплялись страх перед Всевышним, надежда на Его милость, любовь к поклонению и стремление служить религии.

Шейх аль-Иласхани (да будет возвышена его святость), будучи потомком Посланника Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) и наследником пророческого знания и духовного воспитания, столкнулся с тяжёлыми испытаниями. Однако испытания не способны сломить того, чьё сердце наполнено познанием Всевышнего, искренностью и полным упованием на Него...»

### 3-гIа агIо

**НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАДА ДУЬЙЦУ**

**«Къуръан муьлхачу хенахь дешча дика ду?**

Къуръан доьшуш волу стаг Дала шена дика дина стаг ву. ХIоккху йа оцу хенахь доьшур ду бохуш, хенаш а ца йетташ, мичча хенахь а деша мегаш ду Къуръан. Бакъду, цхьацца сураташ-м ду хенаш билгалйина, дешча, дика ду аьлла. Iуьйра-ламаз динчул тIаьхьа Ясин, Аятул-Курси дешча, буьйсанна дIавижале — Табарак-сурат, малхбузаламаз дича — Iамал-сурат, буьйсанна ворхIазза Муджийааш олу сураташ дешча, дика ду боху. Къуръан доьшуш волу стаг, ша дIа мел доьшу а, самукъадолуш, и деша шен зама цатоарна кхоьруш хила веза. Дала товфикъ лойла царна.

**Ша цхьана хIуманах кхерайелча, дог сихха деттадала долало, холчахь хуьлу ша, оцу хьолехь бусалба динехь хIун дича нийса хир дара-те, бохуш хоьтту зудчо.**

Цу кепара сингаттамаш вайлахь, хIара тIеман хало вай лар бахьана долуш, дуккха а бу. Цунах дарба муха дан деза аьлча, хIора стеган шен карахь ду шена дарба лахар. И хьал шега хIоьттинчу заманчохь шийлачу хица ламаз эца деза, шен ламаз карахь а долуш, ши ракаIат ламаз а дина, «Веза Дела, Хьуна шукрун ламаз до-кх ас, Ахь со бусалба кхолларна» - аьлла, вай деш долу суннат ламаз санна, Далла хьаста а йелла, доIа дан деза. Цул тIаьхьа дуккхазза а салават дилла деза. Иштта, дуккха а салават а дуьллуш, ламаз карахь лардарца, оцу кхерамех, оцу лазарех хьалхайер йу иза, Дала мукъ лахь...»

### 4-гIа агIо

**ДОСТОИНСТВА ИСЛАМА, КОТОРЫЕ СТОИТ ЗНАТЬ КАЖДОМУ ВЕРУЮЩЕМУ**

«РЕЛИГИЯ ИСЛАМ ОБЛАДАЕТ МНОЖЕСТВОМ ДОСТОИНСТВ, КОТОРЫЕ РАСКРЫВАЮТ ЕЁ ГЛУБИНУ И СОВЕРШЕНСТВО КАК ПОСЛЕДНЕГО ОТКРОВЕНИЯ ОТ АЛЛАХА ЧЕЛОВЕЧЕСТВУ. В ЗНАК БЛАГОДАРНОСТИ ТВОРЦУ ЗА ДАРОВАННУЮ ВЕРУ СТОИТ ОТМЕТИТЬ САМЫЕ ЯРКИЕ ЕЁ ЧЕРТЫ – ОТ ЧИСТОГО ЕДИНОБОЖИЯ И СОВЕРШЕНСТВА ЗАКОНОВ ДО ПРОСТОТЫ ПРИНЯТИЯ И ВСЕОБЪЕМЛЮЩЕЙ ЗАБОТЫ О ЧЕЛОВЕКЕ.

Все перечисленные качества делают ислам не просто сводом обрядов, а целостной системой жизни, способной удовлетворить духовные, нравственные и социальные потребности человека в любую эпоху. Именно поэтому, размышляя над этими достоинствами, верующий вновь и вновь убеждается в мудрости и милости Аллаха, даровавшего людям столь совершенную религию.

**ЕДИНОБОЖИЕ.**

Ислам – религия единственного Бога, не выдуманная людьми и не подверженная времени, а существующая вечно...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# 11 ИЮЛЯ ИСПОЛНИЛОСЬ 214 ЛЕТ СО ДНЯ ПОЯВЛЕНИЯ НА СВЕТ ШЕЙХА КУНТА-ХАДЖИ КИШИЕВА



Шейх аль-Иласхани (да будет возвышена его святость) является одним из тех духовных наставников, посредством которых Всевышний укрепляет веру, оживляет сердца и сохраняет свет Ислама среди людей. Он вырос в семье богобоязненных и глубоко верующих родителей. С ранних лет в его сердце укреплялись страх перед Всевышним, надежда на Его милость, любовь к поклонению и стремление служить религии.

Шейх аль-Иласхани (да будет возвышена его святость), будучи потомком Посланника Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) и наследником пророческого знания и духовного воспитания, столкнулся с тяжёлыми испытаниями. Однако испытания не способны сломить того, чьё сердце наполнено познанием Всевышнего, искренностью и полным упованием на Него.

Мы просим Господа миров воздать Шейху аль-Иласхани (да будет возвышена его святость) величайшими благами в обоих мирах, возвысить его степень и сделать нас достойными следования его пути. Да одарит нас Всевышний искренней любовью к Своим праведным рабам, уважением к их наследию и способностью продолжать начатое ими служение религии.

## КУНТА-ХЬАЬЖИН ВИРД *(Кишин Хьаьжин)*

**ХЬАЛХАРА ВИРД**

ХIора фарз-ламазана тIаьхьа:

- 15-зза астагIфируллахI эр ду:
- 100-зза ла илахIа иллаллахI эр ду;
- 4-зза вайн Пайхамарна салават дуьллур ду.

**МЕЛ ИШТТА ДIАКХАЙКХОР БУ:**

«Айса динчу 100 зуькаран мел а, вайн пайхамарна диллинчу салаватан мел а Делан Элчанна Мухьаммад Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бели ас, сайн устазана Хьаьжина бели ас, Элчанан асхьабашна а, шайхашна а, эвлайаашна а бели ас. Дала кхачабойла цаьрга иза», - аьлла салават а диллина, «Фатихьат» доьшуш, доIа дийр ду.

**ШОЛГIА СУННАТ ВИРД**

Дала Шен Къуръана чохь аьлла: «Шена а шукар де, шайн дений-нанний а шукар де, Шена аш деш долу шукар Ша къобалдийр долуш ма вац шуна, нагахь шайн дений-нанний шу шукар деш дацахь».

Цу тIе а доьгIна, Къуръанан аятехь билгал мадаккхара, устаза шайн дений-нанний вирд даккхийша аьлла.

**ШОЛГIА ВИРД ИШТТА ДУ:**

100-зза ла илахIа иллаллахI эр ду, бIозлагIа аьлла ваьлча, «МухьаммадурРасуллахI» тIе а тоьхна, мел дIакхайкхор бу иштта:

«Айса динчу бIе зуькаран мел Делан Элчанна Мухьаммад Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бели ас, сайн устазана Хьаьжина а бели ас, сайн дений-нанний а бели ас, сайн устазан Хьаьжин дений-нанний а бели ас. Дала кхачабойла цаьрга иза», аьлла «Фатихьат» доьшуш, доIа дийр ду.

И шолгIа вирд ду устаза Хьаьжас шен муридашна тIедиллина. Къинхетаме волчу Дала цу тIехь нис а делла, дIадахар лойла вайна. Амин!

ВальхьамдулиллаллахIи Раббил-Iаламийн.

*Х.-А.-Х. Кадыров*



# БАБА, ХЬО МУХА IАШ ЙУ?

Вайн бабагIар а бу цкъа цхьаьннан йоIарий, йижарий, зударий, наной хилла. Цара ма кхиийна вайн дай, наной. Кхиийна вуно халачу хенахь, вуно халачу хьелашкахь. Уьш, мацалло кийра а морцуш, буьйсанна дIабийшина, межарган (баьпкан) тIаьхьара цастар а шен берашна, хIусамдена хьажийна.

Вайн бабагIар балхах ца къихкина. Шайн догIмаш ца кхоош къахьегна цара дийнахь а, буьйсанна а. Чоь йуьззина чохь кхуьуш дозалш а болуш, даьхни а, зIакардахни а лелийна, бошмашкахь йалта, стоьмаш, хасбошмашкахь, хасстоьмаш а кхиийна. Кхиийна дахарна леткъамаш ца беш. Вайга лелалур дацара цара лелийнарг. Вайна-м цунах дерг дийца а ца хаьа, мадарра иза ца довзарна. Цаьрга цунах дерг ца хеттарна. Бала цакхачарна.

Тахана кIеззиг бен ца бисина вайна йукъахь бабагIар, вайн хьалха хилла дахар девзина, Iаббалц цуьнан чам баьккхина бабагIар. Уьш наггахь бен ара а ца бовлу. Арабевлча а, хьан тергалбо уьш? Царна йуьхе хууш, церан дагара хаа лууш берш вуно кIеззиг бу таханлерчу наношна йукъахь.

ХIаъ. Делан къинхетамца, хIинцалерчу нанойн, зуда-

**ХIАЪ. ДЕЛАН КЪИНХЕТАМЦА, ХIИНЦАЛЕРЧУ НАНОЙН, ЗУДАРИЙН ДАХАР, БАБАГIЕРЧЕРАН ДАХАРЦА ДУЬСТИЧА, ДУККХА А АТТАЧУ ДАЬЛЛА. ХIЕТАХЬЛЕРА МАЦАЛЛА А ЙАЦ, ЦХЬАДИКА. ЧОЬНАШ ЙОХЙЕШ КЪАХЬЕГА А ЦА ДЕЗА.**

рийн дахар, бабагIерчеран дахарца дуьстича, дуккха а аттачу даьлла. ХIетахьлера мацалла а йац, цхьадика. Чоьнаш йохйеш къахьега а ца деза. Массеран а чохь газ йу. БабагIара-м сатасале хьалагIовтий, хIусамда, бераш меттахдовлале пеш латайой, чоьнаш йохйора. Цара динарг дан гIоьртича-м таханлера зуда, чохь-тIехь хаьдда, охьайужур йара.

Дукхахболчу зударшна чоьнаш цIена латтор, доьзална кхача кечбар, бедар йиттар вуно боккха болх хета. Леткъамаш бо букъ, ког, куьг лозу бохуш. Бехк бац. БабагIернаш санна, бераллехь дуьйна дахчийна дац церан догIмаш. Царна шело, мацалла, гIело ца гайтина

**БАБАГ1АР ТЕРГАЛ ЦА БЕШ, ТЕЛЕФОНАШ ЛОВЗОШ, ТЕЛЕВИЗОРЕ ХЬОВСУШ 1А ТАХАНЛЕРА НАНОЙ А, ДАЙ А, ЦЕРАН БЕРАШ А. «БАБА, ХЬАН САГАТЛОЙ? ХЬУНА ХIУММА А ОЬШИЙ? БАБА, ХЬАЙН КЪОНАЛЛЕХ ЛАЦИЙ ДИЙЦАХЬА», - ОЛУШ, ЦУННА ЙУХХЕ ХУУШ СТАГ ВАЦ.**

церан наноша ур-атталла тIеман луьрачу хенахь а.

БабагIар тергал ца беш, телефонаш ловзош, телевизоре хьовсуш Iа таханлера наной а, дай а, церан бераш а. «Баба, хьан сагатлой? Хьуна хIумма а оьший? Баба, хьайн къоналлех лаций дийцахьа», - олуш, цунна йуххе хууш стаг вац. Массо а сиха ву. Сом даккха гIерташ хьаьдда-ведда ву. Иза а оьшуш ду. Амма баба а йицйай, иза дIатасий ма дехьа хьайн гIуллакхаш. Гуобаьккхина адамаш а долуш, ша цхьаъ йу-кх баба, гIумарахь висина некъахо санна. Ма дукха ду-кх церан вайна дийца, вай масал эца хIуманаш. Цаьрга ладоьгIча, цара Iамор дара вай хIокху паргIатонан, маршонан хама бан, беркат дебо, бертахь даха, зовкхах ирс эца.

КетIа а йаьлла, ша цхьаъ хиъна Iаш йу баба, къаналлин мохь базбелла. Хьех чуэгначу цуьнан бIаьргаш чохь боккха лазам, гIайгIа, цхьааллин сингаттам бешало. Цуьнан шогачу, хебарша аьгначу куьйгаша айкхалла до бабин халачу дахарна. ХIун дисина оцу бIаьргашна газа, хIун дисина оцу куьйгаша даза? Иза ца гуш, цунна йуххех тIехдуьйлу адамаш: жима а, воккха а. Уьш сиха бу. Къаналле хьаьвдда боьлху уьш а, шаьш стенга боьлху а ца хууш, къаналлин «зовкх» хьоьгуш йерг ца гуш.

КIеззиг бен ца бисина вайн бабагIар. Царна ца лаьа шайн йуьрт, цIа дIатесна, шахьара, гIала дIакхалха. Церан дахарехь йисина марзо, кIеззиг марзо, ша Iаш йолу кхерч, урам бу. Цунна шех цхьанна а мохь хуьлийла ца лаьа. Шаьш Iаччу, шаьш Iийначу меттехь кхалха а, шайн бабагIеран, дадагIеран ширачу кешнашкахь дIадерзо а лаьа. Кхин цхьа а лаам а, сатийсам а ма бац церан. Ца бисина, букар боьллачу букъал тIехьа дисина дерриге а дахар.

ТIаккха, жимма бабагIеран догоьцуш хила вай? Цара цхьаъ хьоьхуш хилча, цаьрца къийса а ца луш, уьш чеха а ца беш, ладогIа вай? Цара дуьйцург дош ца хетахь а, цара бохург дан ойла йацахь а, цаьрца гIиллакх лаций, церан догдика де вай, «хIаъ», - алий а. Валаза висинчунна хIоранна а тIекхочур йолуш йу къаналла, хIоранга а кхочур долуш ду бабалла. Иза ирсе, дахарх дуьзна хилийтаран дуьхьа тахханехь къахьега деза къоначу наноша, дайша. Шайгара масал а гойтуш, шайн берашна Iамо, марздан деза бабагIаьрга, дадагIаьрга хьажар, церан Iуналла дар, сий-ларам бар.

Халахеташ делахь а, йукъараллехь ца хаало иза деш хилар. Мелхо а воккхачун сийларам бар, цуьнца гIиллакх лелор дIадолуш, лахлуш хилар го. Кхана шайна байттамал хир ду цунах. Къоначарна хала хета, шен болар лахдина, воккхачунна некъ битар, цуьнан де, суьйре, Iуьйре дикайеш, вистхилар. Цул сов дерг-м хьехор а дацара вай.

ХьастагIа ду иза. Йоккха стаг йу вайн коьртачу шахьаран цхьаьна социйлехь, Iасанна тIе а тийжаш, халла лаьтташ. Иза хьалайала ца кхиош цхьа-ши маршрутка а дIайаха. РогIераниг йеана дIахIоьттича, баба дIа а тоттуш, цу тIехевши нах. ХIара йуха а йиси. Гуш ду, иза гIелйелла. Карара жима ларча а йазйелла цунна. Со санна, цуьнан тидам беш лаьтташ хиллера гIеметтахIоьттина кхин цхьа зуда а. РогIера маршрутка геннахь гучуйаьлча, бабина йуххе а йахана, цуьнан карара ларча схьа а оьцуш, цуьнан пхьарс а лаьцна, машен соцу йоллучу улле тIейахара иза. ТIетаттаделла адамаш (суьйре йара иза) саца а дина, меллаша баба машен чу хаийра цо. Йуха, водителе некъана ахча дIаделира. Бабин, бехкалайахана, йелаьшна хилла йуьхь къайла а йоккхуш дIайахара машен. «Хьуна а хуьлийла Дела реза, некъ дика хуьлда хьан», - олуш хезира суна социйлехь йисинчу зудчо. Оцу зудчун доьзалехь бабагIеран сий деш хиларна, ларам беш хиларна тоьшалла дара иза. БIаьрг белош, дог хьоьстуш тоьшалла дара. Вай дозалла дан дезаш тоьшалла а дара.

БабагIар беркат ду. Цара хIара дуьне дуьту, беркате хIу а тосий. Ткъа и беркат тахана дехаш, хIара латта хьоьшуш долу вай ду. Цунах кхета Дала хьекъал, кхетам лойла вайна. Уьш дIабевлча бен ца хаьа церан хьал. Дависа, сан йелар-кха цхьа баба. Суна сайн бабагIар гина а бац. Вайн халкъ дохийна, махках даьккхинчу шарахь кхелхина уьш, шайн бераш, берийн бераш – тхо дахийта. Иштта бу-кх бабагIар. Болчарна Везачу АллахIа латтабойла уьш. Дийнахь цкъа мукъане а царна йуххе охьаховший, хьастий: «Баба, хьайн жималлех лаций дийцахьа», - алалаш цаьрга. ЭхI, ма хазахетар дукх царна тIаккха…

*Дадаев Сайд-Хьасан*



## НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАДА ДУЬЙЦУ



**Къуръан муьлхачу хенахь дешча дика ду?**

Къуръан доьшуш волу стаг Дала шена дика дина стаг ву. ХIоккху йа оццу хенахь доьшур ду бохуш, хенаш а ца йетташ, мичча хенахь а деша мегаш ду Къуръан. Бакъду, цхьацца сураташ-м ду хенаш билгалйина, дешча, дика ду аьлла. Iуьйра-ламаз динчул тIаьхьа Ясин, Аятул-Курси дешча, буьйсанна дIавижале — Табарак-сурат, малхбуза-ламаз дича — Iамал-сурат, буьйсанна ворхIазза Муджийааш олу сураташ дешча, дика ду боху. Къуръан доьшуш волу стаг, ша дIа мел доьшу а, самукъадолуш, и деша шен зама цатоарна кхоьруш хила веза. Дала товфикъ лойла царна.

**Ша цхьана хIуманах кхерайелча, дог сихха деттадала долало, холчахь хуьлу ша, оцу хьолехь бусалба динехь хIун дича нийса хир дара-те, бохуш хоьтту зудчо.**

Цу кепара сингаттамаш вайлахь, хIара тIеман хало вай лар бахьана долуш, дуккха а бу. Цунах дарба муха дан деза аьлча, хIора стеган шен карахь ду шена дарба лахар. И хьал шега хIоьттинчу заманчохь шийлачу хица ламаз эца деза, шен ламаз карахь а долуш, ши ракаIат ламаз а дина, «Веза Дела, Хьуна шукрун ламаз до-кх ас, Ахь со бусалба кхолларна» - аьлла, вай деш долу суннат ламаз санна, Далла хьаста а йелла, доIа дан деза. Цул тIаьхьа дукккхазза а салават дилла деза. Иштта, дуккха а салават а дуьллуш, ламаз карахь лардарца, оцу кхерамех, оцу лазарех хьалхайер йу иза, Дала мукъ лахь.

**КIентан йоIе, йа йоьIан кIанте безам хилча, шайн доIица деле деха мегар дуй цара, шайн безам боьхуш, и ларбе бохуш?**

Хаза хIума а, дика хIума а, нахана зулам ца деш долу дерриге а деха мегаш ду Деле, цуьнца новкъарло йац. Мегар ду дера-кх, Делах теша а тешна, шен безам боьхуш волу стаг Дала диканна тIе нисвийр ву-кх, воних деха мегар дац.

**Дала доIина жоп луш йолу хенаш муьлхарниш йу-те? Дала, шега деха, ша лур ду ма боху, бусалба стеган герз доIа ду ма боху. ДоIа дан луучу хенахь массо а стага шена дика хир долу хiума хоржуш ма хуьлу. ХIоккху, оццу хенахь доIа дича дика хир ду аьлла, хенаш йуй-те цуьнан билгалйина?**

Буьйсанна, халкъ Дела хьахорехь гIопал хиллачу хенахь, хьала а гIаьттина, ши ракаIат ламаз дина, хаза шен ойла Деле нисйина, динчу доIина Дела жоп луш хилар жайнашкахь вайна гайтина, вайна хиъна ду. ХIунда? Халкъ гIопал долчу хенахь хьастадалар дезаш ву Дела. И цхьаъ ду. ШолгIа, Дала парз дина тIедиллина долу ламаз ша дина ваьллачул тIаьхьа, шен ламаз доьрзуьйтуш динчу доIина жоп луш ву аьлла меттигаш йу. КхоалгIа, марха кхаьбна, и достучу заманчохь бусалба стага динчу доIина Дала жоп лур аьлла ду. ДоьалгIа, рузбан-дийнахь буьйсанна жоп луш сахьт ду аьлла, и муьлха хан йу Дала къайле йина дитина. Делахь а аимматаша къахьегна цу тIехь, шина хутIбана йукъахь, хьалхара хутIба чекхдаьлла, имам охьахиъначу хенахь, ладугIуш болчара доIа дечу хенахь йу аьлла, рузба чекхдаьлча, деш долчу доIанна ду аьлла и сахьт, тIаккха рузбан йуккъехь йу и зама аьлла. Иштта пIераскан дийнахь, малхбуза ламаз динчул тIаьхьа хиларца алсам берш цу тIе бахна. Дала диканиг дехар лойла вайна, вайн дехаршна Дала жоп лойла!

**Доьзалехь нислуш ду, божабер хилча, зудабер ца хуьлуш, зудабер хилча, божабер ца хуьлуш. Ткъа вайн амал йу-кх доцург дезаш. Иштта меттиг хилча, деле шена доьзалхо веха мегий? Воьхуш хилча, муха веха мегар ду?**

Дала Шен Къуръана чохь боху: «Шега кхайкхина, Шега дехначунна жоп луш ву Ша». ДоIина жоп лур ду аьлла меттигаш йу: парз ламаз дIадерзочу хенахь ден доIа, рузбан-дийнахь делкъанна дуьйна малхбуза хан хиллалц йолу йукъ, сатаса гергадаханчу заманчохь ши ракаIат суннат-ламаз дина деш долу доIа. Делах теша а тешна, доггах хьаставелла вехча, Дала доьзалхо а лур ву. И веха мегар ду.

**Ламаз дина ваьлча, шена могашалла йоьхуш, деле деха мегар дуй?**

Ламаз дина ваьлча, Дала тIедиллина декхар дIаделла волу стаг, Дала шена тIедиллина декхар дIаделла а ваьлла, цо деш долчу доIина жоп хир ду аьлла Элчанан (IалайхIи солат) хьадис ду. Цундела Деле, хьаста а велла, деха мегар ду.

**Йеарин дийнахь, кхана пIераскан де ду аьлча, нисло-кх иза, «ясин» дешар декхар дуй? Доьшуш долу «ясин» муьлхачу хенахь деша деза билгалдина дуй?**

ПIераскан суьйре йу и йеарин де, делкъал тIаьхьа дуьйна дIа пIераскан буьйсанах йагарйо иза. Оцу хенера дуьйна дIа мичча хенахь а мегар ду «Ясин» деша. Шен хIусаме догIучу беллачу нехан синошна доьшуш ду иза, къаьсттана, малх дIабуьзначул тIаьхьа дешча, дика ду. ПIераскан буьйсанна сагIийна хIума йаларе сатесна хуьлу синош, уьш дага а лоцуш сагIа а делча, «Ясин» а дешча, чIогIа йал хир йу, ца доьшуш Iен мегар дац.

**Машенахь тIай тIехула бовлуш цхьаберш, салават а дуьллуш, хьалагiовту, иза дар муха ду? Массарна а тIехь декхар долуш хiума ду иза?**

Иза бух болуш дац, хьалагIаьттича, зен хир долуш дац. Цуьнан бух хIунда бац аьлча, оцу тIай тIехула волуш хьалагIатта аьлла, цхьана а аимматашлахь, цхьана а имама аьлла, вайн жайно билгалдина дац. Делахь а, гIаттар хIун ду аьлча, суьрта-тIай дагадар ду иза оцу бусалба стагана. Ша тIай тIехула волуш Къематдийнахь хиндолу суьрта-тIай дага а деъна, Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) салават дилла деза бохуш долчу хьадиса тIе а доьгIна, салават дуьллур



ду оцу тIай тIехула волуш. ХьалагIаттар наха шаьш тIеэцна хIума ду. Амма салават диллаза ма Iойла, шен суьрта-тIай тIехула валар атта хилийтар лоьхийла. И салават Дала дилла аьлла ду, Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) муха дилла деза хьехна а ду. Дала шен маликаша а дуьллу аьлла иза, аша а дилла аьлла вайга омра а дина.

Асхьабаша Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) муха дуьллур ду и салават аьлла, хьаттича, жоп делира: «АллахIумма солли Iала Мухьаммадин ва Iала али Мухьаммадин ва саллим», Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ша иштта хьийхира царна. Иштта йолу и йеза Iамал тIай тIехула волуш муххале а йойла иза, иштта стеган шен маттехь хила йезаш йу-кх иза.

**Тасбихь дича а, суьлхьанаш хьовзийча а хилла болу мел дiакхайкхийча, и беллачарна дIакхочий?**

Стаг велча, цуьнан Iамал хедаш йу, амма Дала Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) умматана динчу совгIатех ду, цуьнан и Iамал хаьрддехь а, тIаьхьабисина болчу наха (доттагIий хуьлийла, верасаш хуьлийла, гергарнаш хуьлийла, бевзарш хуьлийла), цуьнан цаьрца Къуръан дешна, зуькар дина, сагIа делла, доIанаш дина, и веллараг дага а лаьцна, йина йолу Iамал цунна дIакхочур йу, цунах шеко йоцуш и сецна ду.

Хьовсал, Дела реза хиларш, эвлайаэх цхьа стаг хиллера аьлла ду жайнахь, хиъна Iаш шен хьуьжаран уьйтIахь. Цуьнан бIаьрг кхийтира берашна йукъахь доьлхучу цхьана берах. Деллахь, лазийна-те иза аьлла, тIе а кхайкхина, и бер хьаьстина хилла цо. Хьуна хIун хилла аьлла, хьаттича, беро жоп делла: «Кесталха нана йеллера сан, и нана йай-кха суна жIоьжахатин Iазапехь», - аьлла. Цунах къахетта, оцу эвлайаа ша Iаччох шен суьлхьанаш тIехь доккха зуькар дина хиллера, кхузткъе итт эзарне кхаччалц. Ойла йина цо оцу меттехь, кIантана хезаш доцуш, ша бина болчу белхан кхузткъе итт эзар зуькарх хилла мел оцу кIентан нанна бели-кх ша (цуьнан цIе а ца хаьа цунна) аьлла, оцу кIентан нанна совгIат дина цо. КIант гуш лаьтташехь хийца а велла, схьа а иккхина ловзавелира, боху. ТIаккха оцу Делан гергарчу стага хаттар дина кIанте йуха а: «ахь динарг хIун ду, хIинца воьлхуш ма вара хьо, ткъа хIинца самукъадаьлла ма ву хьо?» - КIанта жоп делла: «ХIун ду хаац, суна жимма хьалха Iазапехь йайна йолу сан нана, хIинца йалсаманин меттахь, цуьнан бешахь, шовданашлахь, хазачу бай тIехь Iаш йай-кх», — аьлла. Эццахь ши хIума гучуделира вайна элира оцу эвлайаа (вай маха бар олу-кх стаг велча деш долчу 70 эзар зуькарх, эццара схьаэцна ду иза, бух цигара болуш), жоьжахати чохь велахь а кхузткъе итт эзарза «ЛаилахIа иллАллахI» бохуш долу зуькаран маха бина, и маха оцу веллачунна мелана белча, жоьжахатех хьалхавоккхуш хилар гучудаьккхи вайна Дала. ХIара суна йуххехь волу кIант, - элира цо, - кошфаллин дакъа долуш, къайленна тIеккхуьуш хилар а гучудели вайна. Иштта, эвлайаийн шена тIехь барт сецна а болуш, амматийн а, улмаийн а шена тIехь барт сецна а болуш, эццера схьа ду вайн стаг велча маха бар.

Хьовсал, кхочур бара дера-кх вай белла мел дукха чIогIа дIа-м. Вай кешнашка дахча, цхьайтта къулхIа а дешна, вай дешна долчу къулхIанийн мел оцу кешнийн охIланна вай белча, оцу кешнийн хIора охIлане эзар нур лур ду боху каш чу, уьш мел дукха белахь а, цул сов, кхано хьо велча, хьан коша а догIур ду боху и нур. Оццул доккха дика дина вайна Дала, цундела вовшех къахеташ доIа дар, мел балар лойла вайна.

**Доьзалхо йа цIийнда цхьанхьа воьдучу хенахь нанас (хiусамнанас) царна хIун доIа дича дика хир ду?**

Доьзал а, цIийнда а Iалашбан гIерташ болу хIусамнаной ма эшабойла вайна Дала. Уггар хьалха оцу хIусамненера оьшуш дерг ламаз карахь долуш кхача хьакхор, шен доьзалшна ламаз карахь долуш бина кхача баор ду. ШолгIа, шен цIийндеца шен йукъаметтиг оьзданиг гойтуш хилийтар, цIийнда — доьзалан да — лара шен доьзална Iамош хилар, и некъ лелор ду зудчун декхар. КхозлагIниг, масала, и цIийнда цхьанхьа воьдуш велахь, доьзална а хозуьйтуш, Дала маьрша лелавойла хьо, Дала гIоза-декъал йуха цIен тIе верзавойла хьо, олуш хилар ду. Нагахь доьзалаш цхьанхьа боьлхуш белахь, Дала ийманехь нисдойла шу, Дала маьрша леладойла шу аьлла, иштта и доIа деш хила йеза берийн нана. Доьзалан хьокъехь ден-ненан доIа Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен умматана деш долчу доIанех терра ду боху аимматаша. Даснанас шен доьзалан хьокъехь дина долчу доIина Дала жоп луш ду. Дала и доIдар лойла царна.

**Могаш воцуш ву ша, охьа а вужий, наха сецош, дог лозуш цамгар йу шегахь. Ша хIун дан деза? Шега хiун эр дара ахь?**

Дала бусалба нахана дарба лаха бакъо йина, халкъана йукъара Дала шен говзанчаш Iамийтина, лоьраш аьлла цIе а йолуш, халкъана йукъа бахкийтина. Оцу лоьрашкара дарба лаха деза цамгар йолуш волчу стага. Делахь а, ас дIа ца доккху Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дош: «Къуръанца шайн догIмашна дарба лахалаш» - аьлла долу. Амма хууш волчуьнга, лоьрийн Iилма Iамийна волчуьнга, оцу Iилманца бахьанаш а лелош, йерриге а паргIато а, маршалла а Делера йуй хууш, Деле шен болх а буьллуш, дарба лоьрашкара лаха деза. И лоьраш бу шуна шайн болх Деле а биллина, и дарбанаш лелош. Амма шен ницкъ кхочуш волчу стага «Айатул-курси» а доьшуш, и да хууш велахь, «Фатихьат» доьшуш, шен лозуш йолчу метте куьг хьоккхуш «Веза Дела, дарба хьоьгахь ду-кх» аьлла, оцу къонахчо дарба лехча, цунна дарба хир ду.

**Тобадарх лаций дийцахьара.**

Дуккха а меттигашкахь Къуръана чохь, шу Деле тобанца дерзийла, аьлла хьахийна ду. Цуьнан чулацам - хьайгара Дела реза воцуш дийлинчу хIуманашна дохко а валий, Дала хьайна йелла йолчу бакъонна тIеверза, хьайна гечдар а дехий, кхин вуониг дийр доцуш, цунах йуха а вале, Дала де бохучунна тIеверза бохург ду. Хьо хьуо хьайн ойланехь дохко а ваьлла, сецча а, тоба ду иза. Амма, иштта дина тоба, и цхьанна а ас диний хууш дац аьлла, стага и лардарехь ледарло йан там болуш ду. Цундела, йа Iалимстагца, йа йуьртан моллаца, йа наха тоьшалла деш дикачу стагца ахь тоба дича, и лардарехь чIогIа хир ву хьо, цуьна хьайгара ледарло йалар хазарх ийзалуш. Ишта оцу хIуманна къовлам барца лехна и тоба дар. Тоба дар хIун ду? «АстагIфируллахI» аьлла, Веза Дела, гечдехьа суна, со дохковели-кх сайгара девлачунна, хьо реза воцуш долчу хIуманашна. Хьо реза верг бен кхин лелор а дац-кх ас аьлча, и ду-кх тоба.

**Стаг чуьра араволучу заманчохь, неI дIайиллинчу хенахь дуьйна дIа, лардан дезарг хiун ду? Йа аьтту ког хьалхабаккхарца, йа цхьа доIа шеца лелорца хуьлийла иза. Ткъа нагахь санна и доIа iаьрбийн маттахь деша хууш вацахь, нохчийн маттахь деша мегий?**

Стаг дикачу хIуманна бен аравала ца веза. Дела реза воцуш долчу хIуманна ког арабаккха мегар дац. Дерриге а хIуманна цкъа ша аравалале терза хIотто деза, ша йуьхьалоьцу некъ Дела реза волуш бу йа бац-те, аьлла.

Некъ тешаме цкъа а хилла бац, къаьсттана, кху сихачу заманчохь. Араволуш, ламаз карахь а долуш, аравала веза. Хьуьлу олий ца хуьлу валар-висар. ТIедеанчу хIуманна кийча хилийта, шен дегIехь оьздангалла лаха йеза. Ша араволучу заманчохь, неIаран тIам ша схьалаьцча, «Хьо Дела хиларца ас ийман диллина-кх, хьоьца массо а вуонех ларло-кх со, хьоьга сайн болх биллина-кх ас, хьо воцург цхьа а ницкъ кхочуш вац-кх со Iалашван а, со ларван а», - аьлла, шен хуьучу маттахь, шен болх Деле а биллина, аравала веза, аьтту ког хьалха а боккхуш. Ша новкъахь волчу заманчохь а, Делаца ойла хоттайелла хила веза, шен мотт, шен дог мукъа ца дуьтуш И хьехорехь. ТIаккха цо лелочу хIуманах беркат а хир ду цунна, кхиам а хир бу цунна. ДIа мел боккхучу когаца Дала йал а йазийр йу цунна. Даима а и Деле воьхуш маликаш а хир ду.

**Бусалба динехь ши стаг вовшахкккхеттачохь салам далар суннат ду, салам схьаэцар важиб ду, парз ду олуш ду. Ткъа, масала, хьо чохь хиъна iаш а волуш, телевизор чухула моллас йа кхечу iеламстага шен хьехамехь «ассаламу iалейкум» аьлла, салам луш хезча, и схьаэцар тIедужуш дуй шен чохь цуьнга ладоьгIуш волчунна?**

Тахана телевизоршкахула дуккха а хьехамаш беш бу вайна. Динах лаьцна хьехамаш санна, вайн къоман гIиллакхех, оьздангаллех, вайн мехкан вай сийдан дезарх лаьцна хьехамаш бо вайна. Уьш бусалба болчарна а, бусалба боцчарна а, (шен мохк безарх, шен къам дезарх, оьздангаллех), муьлххачу динехь волчунна а оьшуш хьехамаш бу. Ткъа, къаьсттана, бусалба нахехь и гIиллакхаш сов хила дезаш ду.

Телевизор чохь салам делча, и вайга луш делахь а, хаьа вайна, цу чохь гулйеллачу шайн тобане цара и луш делахь а хаьа вайна. Телевизор чухула вайна хьехам беш волчо вайга салам делча, и салам делларг вайна дуьхьал хIоьттина волуш санна, и салам вай схаэцахь, Дала вайна йал Йазийр йолуш хIума ду.

04→

## НАШИ ГЕРОИ

### ВОЗДИНГОВ ДЖАМАЛ (1972 – 2010)



Воздингов Джамал Жанакхажиевич родился в городе Гудермесе. С отличием окончил среднюю школу в селе Иласхан-Юрт. После окончания школы поступил в Серноводский сельскохозяйственный техникум.

В возрасте 32-х лет вступил в ряды правоохранительных органов Чеченской Республики.

Осенней ночью 2010 года в дежурную часть МВД по Чеченской Республике поступило сообщение оперативного дежурного ОВД по Шатойскому району о том, что при проведении сотрудниками ОВД оперативно-розыскных и поисковых мероприятий по выявлению, задержанию и уничтожению членов НВФ в горно-лесистой местности около населенного пункта Нохч-Келой Шатойского района произошло боестолкновение. От полученных огнестрельных ранений 38-летний Воздингов Джамал погиб. На момент гибели он был в должности командира роты Патрульно-постовой службы милиции Отдела внутренних дел по Шатойскому району Чеченской Республики.

Дала гIазот къобалдойла цуьнан!

## НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАДА ДУЬЙЦУ

←03 **Делан кхиэл доIано бен йуха ца туху бохуш хезнера суна цхьана хьехамехь. ХIун кхиэл йу и доIано йухатухуш йерг? Цунах лаций дийцахьара.**

Делан кхиэлаш шина кепара йиийцина жайно. Мубрам йолуш а, муаллакъун биласбаби йолуш а йиийцина йу уьш. Мубрам бохуш йерг, вайн лиъча а, ца лиъча а, дуьненчохь лелаза ца долу хьал, хIара дуьне лаьттар а, малх, бутт, седарчий лелар а, шайн зама кхаччалц, Iаламехь долу низам латтар а, и дерриге а Делан кхиэлаш йу. Уьш лелар йолуш кхиэлаш йу. Йа Муаллакъун бил асбаби боху кхиэлаш бахьанех хоттайелла йолу киэлаш, ахь хIара бахьана лелийча, хIарра хир долуш аьлла, оцу бахьаница йоьзна йу Дала. Цу кхиэлаца хьо лерина лелачу нахах ирс оьцуш велахь, цаьрца хьан вахар-вар делахь, церан Iаьнаре, церан матте хьо ладугIуш велахь, цаьргара хьо хьекъал оьцуш велахь, хьо нийсачу новкъа нислур ву. Вуон лелачу нахана йуккъе а вахана, дуьненах Iехабеллачу нахана хьо йуккъе а вахана, цара леллориг лело ваьлча, иблис шена тIехь тола а тулий, иблисан новкъа а хьаьвзий, шен нахах волу иза. Оцу тайпана йолу кхиэлаш доIица йерзор йу аьлла. Уьш муьлхарнаш йу? Дас-нанас шен доьзална дина долу доIа, пайхамараша шайн умматна дина долу доIанаш санна, Дала жоп лур долуш ду. Дас-нанас дикачу хIуманца доIа дан деза шен доьзална. Иштта, ахь шена зулам дина волчу стеган доIина а жоп лур ду аьлла. Оцу вуоллица хьайна доIа дарх кхоьруш хила веза, Стагана зулам деш хила ца веза. Дашца долчу зуламах а, куьйгаца долчу зуламах а нах ларбеш хила веза.

Шена наха дича цатовр дерг нахана а ца деш хила веза. Шена дича товр дерг нахана а дан деза. Оцу кеппара хьо хилча, эццахь долчу доIанашца кхиэл хуьйцур йу аьлла. Бусалба нахаца гергарлонаш хьо хедош хилахь, хьан оьмар ткъе итт шаре кхачалц, охьайалор йу аьлла. Бусалба нахаца гергарлонаш хьо хуттуш хилахь, хьан оьмар ткъе итт шарера кхузткъа шаре хьала а ойур йу аьлла. Цундела, бусалба нахаца шен меттиг ларйан гIорта веза къонах, дикачу доIане сатуьйсуш хила веза, вуочу доIанех ларлуш хила а веза.

**Стаг оьгIазвахана а волуш, цо шена зулам диначунна вуон доIа дар магийна дуй.**

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) вайга омра дина «Шу ларлойла шайна зулам дина болчу нехан вуочу доIанех», аьлла. Цо хIун гойту? Шена зулам хилла волчу стага вуочу хIуманца доIа дича (сардам а олу вай цунах), оцу доIина жоп дала герга ду иза. Адамаш вовшаца тардалар лоьху бусалба дино. Къуръана чохь, хьайна диннарг духьалде аьлла, вайна бакъо-м йина. Делахь а, шена зулам диначунна къинтера а ваьлла, цунна геч а дина, цуьнца тайнарг, и милла велахь а, цуьнан йал Делехь йу. Ткъа Дала луш йолу йал йалсамани ма йу. Шена йалсамани йаккхар гIолехь ду-кх муьлхачунна а.

**Вайн Iадатехь, догIа доьхуш, доIа до. И доIа дина, догIанаш алсамдевлча, царах нахана зуламаш хуьлуш, меттигаш нисйелча, йуха и догIа сацаде аьлла, деле доIа дан мегар дуй?**

Массо а дикачу хIумане некъ хьехна вайна Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна). Царех цхьаъ ду догIа доьхуш доIа дар. Совдаьлла догIа йухадерзадехьа, зенех лардехьа тхо аьлла, деха бакъо йу. Цунна бехке а хир вац. Мелхо а цунна йал хир йу.

**Стага доьхучу хенахь деле бен деха мегар дуй, деле бен кхайкха мегар дуй бохуш, хьотту.**

Деле бен кхайкха мегар дац бохург, «Аш ма кхойкхийла Дела цхьаъ волчунга бен» аьлла, айатан маьIнин чулацам ца хууш болчу наха галдаькккхина дийцар ду иза. Мегар дац дера-кх, маггане а мегар дац кхин Дела а вина, кхечуьнга кхайкха. Масала, Iийса-Пайхамар дела ву бохуш, цуьнга кхойкхуш хилла цхьаберш, ПирIун-паччахь дела ву бохуш, кхайкхина кхиберш, седа а дела лаьцна хилла важаберш — оцу



кеппара кхин Дела ву аьлла, кхайкха мегар дац.

Вайн махкахь дуьххьара маьждигаш схьаделла долийначу заманчохь, Гуьмсешахьарахь схьадиллира маьждиг, ХьаьжцIа доьллуш санна, цигахь хазахетар хуьлура. Эццахь Iабдул-Рашидмоллас соьга: «Хьенех, хьажахьа хIара кехат ду-кх соьга даийтина», — аьлла, соьга цхьа кехат делира цо, со чу а вигна. Оцу маьждига чохь мовлад дешийтинера Iабдул-Рашида «Я расулуллахI, мархьаба». Оцу чохь Пайхамаре (IалайхIи-ссолату ва-ссалам) кхайкхича, Дала Шен цIа чохь цхьаьнга а ма кхайкха аьлла, айаташ йаздина бохуш, цунна инкарло йеш йаздина дара иза. ТIаккха, и деша а дешна, Iабдул-Рашидан лаамца, ас и йаздиначунна жоп делира. И дацара оцу Къуръанан айатан чулацаман маьIна, Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ма кхайкха бохург дацара и. Маьждига чохь мовлад деша мегар дац бохург дара цара айина дерг, и цхьаъ ду. ШозлагIа, вайн эвлаашка орца деха мегар дац бохург ду. И хаттар диначунна цхьамма цхьаъ моттийтина, ткъа чулацам и бу цуьнан. Мегар ду дера-кх, кхайкха-м мухалле а. Амма ца веза кхайкха Дала динарг эвлайаа дохор ду аьлла а, Дала ца динарг эвлайаа хьайна дийр ду аьлла а. Дала динарг Пайхамара (IалайхIи-ссолату ва-ссалам) дохор ду аьлла а, Дала ца динарг Пайхамара (IалайхIи-ссолату ва-ссалам) хьайна дийр ду аьлла, иштта мегар дац. Далла лиинчунна тIе хьо нисварехь оцу звлайааша хьо соввоккхуш хиларца, цаьргара беркат лоьхуш, оцу Деле боьду некъ лахарехь хьайн ойла а йолуш кхайкха веза. Оцу Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна): «Къа деш долчу шен нахана умматех ду шен шапаIат» - боху, иштта волчу Пайхамарера (IалайхIи-ссолату ва-ссалам) шапаIат лоьхуш, муха кхойкхур вацара? Цуьнгара шапаIат лоьхуш кхойкхуш дай вай-м, цунах Дела вина кхойкхуш ма дац.

Кхечунах Дела а вина ма кхайкха боху. Оцу Веза-Сийлахь волчу АллахIа лардойла вай Ша воцчунна хьастадаларх!

*Кадыров*
*Хож-Ахьмад-Хьаьжа*

# ДОСТОИНСТВА ИСЛАМА, КОТОРЫЕ СТОИТ ЗНАТЬ КАЖДОМУ ВЕРУЮЩЕМУ

**РЕЛИГИЯ ИСЛАМ ОБЛАДАЕТ МНОЖЕСТВОМ ДОСТОИНСТВ, КОТОРЫЕ РАСКРЫВАЮТ ЕЁ ГЛУБИНУ И СОВЕРШЕНСТВО КАК ПОСЛЕДНЕГО ОТКРОВЕНИЯ ОТ АЛЛАХА ЧЕЛОВЕЧЕСТВУ. В ЗНАК БЛАГОДАРНОСТИ ТВОРЦУ ЗА ДАРОВАННУЮ ВЕРУ СТОИТ ОТМЕТИТЬ САМЫЕ ЯРКИЕ ЕЁ ЧЕРТЫ – ОТ ЧИСТОГО ЕДИНОБОЖИЯ И СОВЕРШЕНСТВА ЗАКОНОВ ДО ПРОСТОТЫ ПРИНЯТИЯ И ВСЕОБЪЕМЛЮЩЕЙ ЗАБОТЫ О ЧЕЛОВЕКЕ.**

Все перечисленные качества делают ислам не просто сводом обрядов, а целостной системой жизни, способной удовлетворить духовные, нравственные и социальные потребности человека в любую эпоху. Именно поэтому, размышляя над этими достоинствами, верующий вновь и вновь убеждается в мудрости и милости Аллаха, даровавшего людям столь совершенную религию.

**ЕДИНОБОЖИЕ.**

Ислам – религия единственного Бога, не выдуманная людьми и не подверженная времени, а существующая вечно.

**СОВЕРШЕНСТВО ЗАКОНОВ.**

Установления ислама отличаются продуманностью и завершённостью.

**УНИВЕРСАЛЬНОСТЬ.**

Ислам охватывает все сферы человеческой жизни – даёт ответы на вопросы шариата, регулирует отношения между людьми и раскрывает смысл человеческого существования.

**ПРЯМАЯ СВЯЗЬ С ТВОРЦОМ.**

Уникальность ислама в том, что верующий обращается к Аллаху напрямую, без посредников в этом диалоге.

**ЗАБОТА О ЧЕЛОВЕКЕ В ОБОИХ МИРАХ.**

Ислам заботится о благополучии человека как в земной жизни, так и в вечности, наделяя его нравственными качествами, необходимыми для духовного совершенства.

**ПРОСТОТА ПРИНЯТИЯ.**

Стать мусульманином может каждый, кто искренне этого желает, – в исламе нет сложных инициаций или многоступенчатых испытаний.

**СПРАВЕДЛИВОСТЬ.**

Ислам утверждает равенство всех людей, ведь все они созданы одним Творцом и не обладают преимуществом друг перед другом.

**ПРИЗЫВ К ДОБРУ.**

Ислам побуждает к благим делам и предостерегает от всего порицаемого и запретного.

*Сайда Хайат*



# ПРЕГРЕШЕНИЯ И ИЗБАВЛЕНИЕ ОТ НИХ

**ОШИБКИ – НЕОТЪЕМЛЕМАЯ ЧАСТЬ ЧЕЛОВЕЧЕСКОЙ ЖИЗНИ. ВАЖНО ВОВРЕМЯ ОСОЗНАТЬ, ЧТО ВЫ СБИЛИСЬ С ПУТИ, ПРИЗНАТЬ ЭТО И ПРИНЯТЬ ВЕРНОЕ НАПРАВЛЕНИЕ. ПУСТЬ АЛЛАХ ОБЕРЕГАЕТ НАС ОТ ПУСТЫХ РАЗГОВОРОВ И ДАРУЕТ НАМ БЛАГОЧЕСТИЕ В СЛОВАХ И ДЕЛАХ!**

Почти каждый день своей жизни мы проживаем, участвуя в различных собраниях – будь то рабочие переговоры, неформальные посиделки с коллегами, встречи с друзьями или родственниками.

И в основном, в таких собраниях легко увлекаются пустыми, ненужными разговорами, сплетнями, насмешками или даже обсуждением того, что не принесет пользы никому ни в этом мире, ни в следующем. Ислам учит насбыть добрыми, учит беречь свой язык и время, ведь каждое слово и каждый поступокфиксируется ангелами и будет предъявлено человеку в День Суда.

Однако милость Аллаха безгранична. В достоверном хадисе от Абу Хурайры (да будет доволен им Аллах) передаётся, что Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Если человек присутствовал в собрании, где вели много бесполезных разговоров, но, прежде чем покинуть это место, сказал:

«Субханака, Аллахумма, ва би-хамдика, ашхаду алля иляха илля Анта, астагфирука ва атубу иляйка» (смысл: «Слава Тебе, о Аллах, и хвала Тебе! Свидетельствую, что нет бога, кроме Тебя. Прошу у Тебя прощения и приношу Тебе покаяние»), то ему непременно простится всё, что происходило в том собрании» (ат-Тирмизи).

Эта краткая, но содержательная молитва служит духовным очищением после общения с друзьями или коллегами, особенно когда оно сопровождалось пустыми или греховными беседами. Она напоминает о величии Аллаха, укрепляет веру и выражает искреннее покаяние.

Следует отметить, что такая молитва помогает искупить мелкие прегрешения, допущенные во время собрания. Однако для прощения серьёзных проступков, таких как клевета, ложь, оскорбления или нарушение чужих прав, требуется более искреннее раскаяние. В таких случаях необходимо загладить вину перед пострадавшими, принеся извинения или компенсировав причинённый ущерб.

Важно стремиться к чистоте помыслов, пользе сказанного и благословению собраний. Однако если что-то пошло не так, милость Аллаха всегда рядом. Достаточно искренне произнести священные слова и покаяться.

Ошибки – неотъемлемая часть человеческой жизни. Важно вовремя осознать, что вы сбились с пути, признать это и принять верное направление.

Пусть Аллах оберегает нас от пустых разговоров и дарует нам благочестие в словах и делах!

*Макка Халидова*



**ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!**
**36 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.**
**Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928,
Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 22.07.2026 г. 15:00. Подписано в печать: 22.07.2026 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

16+

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!